

BAB V

KACINDEKAN JEUNG SARAN

5.1 Kacindekan

Data rumpaka panambih karya Mang Bakang kapanggih tilu puluh tilu rumpaka, nyaéta 17 Agustus, Ayun Ambing, Babakti, Bubuka, Ceurik Abdi, Deukeut ku Deukeutna, Gunung Guntur, Iraha, Jalan Satapak, Kaduhung, Kastawa, Kawaas, Kumaha Jadina, Lembur Singkur, Leuheung-leuheung, Lokatmala, Muntang Ngeumbing, Néléngnéngkung, Ngambah Méga, Ngan ka Anjeun, Nunggul Pinang, Pageuh Tékad, Pajar Manéh, Panggendam Sari, Panggeuing, Panggugah, Samoja, Sariaik Layung, Sukanagara Bihari, Sulanjana, Wawangi nu Kantun, jeung Wijayakusumah.

Struktur puisi rumpaka tembang Cianjuran karya Mang Bakang kapanggih aya tilu wangun, wangun pupuh, wangun sajak bébas, jeung wangun sisindiran. Wangun pupuh anu jumlahna aya salapan rumpaka di antarana “Babakti”, “Ceurik Abdi”, “Deukeut ku Deukeutna”, “Iraha”, “Kaduhung”, “Muntang Ngeumbing”, “Pageuh Tékad”, “Samoja”, jeung “Sulanjana”. Wangun sajak bébas nu jumlahna aya dalapan welas rumpaka di antarana “17 Agustus”, “Jalan Satapak”, “Kastawa”, “Kawaas”, “Kumaha Jadina”, Lawang Sakéténg”, “Lembur Singkur”, “Leuheung-leuheung”, “Lokatmala”, “Ngambah Méga”, “Ngan ka Anjeun”, “Nunggul Pinang”, “Pajar Manéh”, “Panggendam Sari”, “Panggeuing”, “Panggugah”, “Sariaik Layung”, Wawangi nu Kantun”, jeung “Wijayakusumah” jeung aya ogé rumpaka anu dianggit dina wangun sisindiran anu jumlahna aya lima rumpaka di antarana “Ayun Ambing”, “Bubuka”, “Gunung Guntur”, “Néléngnéngkung”, jeung “Sukanagara Bihari”.

Tina segi struktur fisik, ieu rumpaka miboga tata rupa, diksi, imaji, kecap kongkrit, basa figuratif jeung vérifikasi. Imaji na kapanggih lolobana imaji taktil, satuluyana disusul ku imaji paningal. Basa figuratif anu kapanggih lolobana ngagunakeungaya basa kadalon anu satuluyana disusul ku gaya basa ébréhan. Dina

rumpaka, pangarang lolobana ngagunakeun kecap kongkrit, nu matak ngagampangkeun nu maca dina nyangking ma'na.

Ari tina segi struktur batinna, ieu rumpaka ngandung unsur téma, rasa, nada jeung amanat. Téma anu kapanggih dina ieu rumpaka lolobana ngandung téma kamanusaan kalayan dipatalikeun jeung kaagamaan. Ari rasa anu kapanggih dina ieu rumpaka lolobana rasa nyaah, kanyeri jeung hariwang. Nada nu nyampak dina ieu rumpaka nyaéta ngadidik ku jalan ngélingan nu maca, sarta mangaruhan nu maca sangkan ngalakukeun naon anu ditepikeun ku pangarang. Amanat dina ieu rumpaka lolobana mapagahan sangkan manusa tetep muntang pageuh kanu Maha Kawasa sarta kudu loba ihtiar tur sabar.

Lian ti éta, dianalisis ogé ajén étnopédagogik nu ngawengku 18 ajén atikan karakter nu disusun ku Pusat Kurikulum Departemen Pendidikan Nasional. Ku sabab kitu, ieu panalungtikan téh miboga tujuan pikeun ngadéskripsikeun (1) struktur puisi jeung eusi dina rumpaka tembang Cianjuran wanda panambih, (2) ajén atikan karakter dina rumpakatembang Cianjuran wanda panambih; jeung (3) larapna hasil panalungtikan saupama dijadikeun alternatif bahan pangajaran sastra di SMA.

Tina jihat étnopédagogik, kapaluruh aya 71 atikan karakter anu kakurung ku 3 karakter utama, di antarana aya atikan karakter réligius, atikan karakter jujur, jeung atikan karakter paduli sosial.

Ku kituna, saba'da ditalungtik, ieu rumpaka Cianjuran wanda panambih karya Mang Bakang téh bisa dijadikeun alternatif bahan pangajaran sastra, hususna pangajaran rumpaka kawih di SMA kelas XI, lantaran geus nyumponan kritéria milih bahan pangajaran sastra di antarana basa, budaya jeung tingkat psikologis siswa. Lian ti éta, eusi rumpakana euyeub ku ajén-inajén sartabisa jadi conto pikeun kahirupan sapopoé. Contona waé ajén atikan karakter anu bisa jadi cecekelan, boh pikeun guru, boh pikeun murid sangkan dilarapkeun dina kahirupan sapopoé.

5.2 Saran

Tina hasil panalungtikan, aya sababaraha saran pikeun ngaronjatkeun hasil aprésiasi kana karya sastra. Saran anu ditepikeun nyaéta, pikeun mahasiswa, guru, pamaréntah, jeung masarakat. Pikeun panalungtik saterusna nyaéta mahasiswa jurusan Pendidikan Bahasa Daérah, Ieu panalungtikan téh teu dihususkeun kana sakumna tembag Sunda di Jawa Barat, tapi ieu panalungtikan dihususkeun kana wanda panambih karya Mang Bakang. Pikeun panalungtik satuluyna bisa medar ngeunaan sakumna tembang Sunda sarta panalungtikan ngeunaan ajén étnopédagogik dina rumpaka tembang Cianjuran perlu dipedar leuwih teleb lantaran eusi rumpaka tembang Cianjuran miboga ajén-inajén anu luhung nu bisa dijadikeun bahan pangajaran. Sanajan béda wanda, tapi amanat nu nyampak bisa jadi tinimbangan pikeun nganalisis.

Pikeun guru, dipiharep bisa jadi bahan alaternatif dina ngajarkeun tembang Sunda ka barudak, ogé dipiharephasil panalungtikan ngeunaan ulikan struktural jeung ajén atikan karakter (étnopédagogik) bisa dijadikeun bahan pangajaran sastra. Satuluyna, Pamaréntah dipiharep bisa leuwih ngalengkepan deui arsip-arsip jeung dokuméntasi ngeunaan tembang Cianjuran, ngarah ngagampangkeun pamaca nyangking pangaweruh ngeunaan tembang Sunda.

Pikeun masarakat umum dipiharep ayana aprésiasi jeung wanoh kana tembang Sunda, ku cara ngayakeun acara-acara atawa pasanggiri tembang Sunda, masarakat geus ngawanohkeun jeung ngamumulé kana éta budaya atawa kasenian Sunda.